NEW YORK STATE | Office of Children and Family Services

Pandan W Ap Reflechi sou Gadri...

fè yon vizit...
poze kesyon...
apresa, pran yon desizyon.

Pub #1115A-HC (2/2018)

Reflechi sou Gadri

Li enpòtan pou chwazi yon bon gadri. Gadri ki san danje ak pozitif prepare teren an pou bon kwasans ak devlòpman. Sa mande tan, pasyans ak konpreyansyon sou kisa pou w chèche lè w ap chwazi yon gadri pou timoun ou.

Jwenn enfòmasyon sou diferan opsyon swen pou timoun ak vizite lokal yo anvan pou pran yon desizyon. Rele pou w pran yon randevou. Byen voye je nan tout lokal gadri a. Gade kijan timoun ak adilt yo kominike youn ak lòt. Poze kesyon. Koute. Tcheke referans.

Depi w fin chwazi yon sèvis gadri epi y ap okipe timoun ou an, kontinye poze kesyon. Tcheke pou w asire pwogram nan kontinye reponn ak bezwen fanmi w. Se anpil travay, men sa vo lapèn pou timoun ou an.

Chwazi gadri reprezante yon etap enpòtan nan lavi timoun ou. Ou konnen bezwen timoun ou ak fanmi w. Pa aksepte nenpòt sa ou jwenn. Desizyon ou pral fè yon gwo diferans nan devlòpman, sante ak bonè timoun ou.

Reflechi sou Lis Verifikasyon Gadri yo

Pou resevwa lis verifikasyon pou ede w chwazi gadri, rele Koneksyon Paran Eta New York nan **(800) 345-KIDS** oswa ale sou **ocfs.ny.gov**.

- *Pandan W Ap Reflechi sou Gadri pou Tibebe oswa Timoun Piti Ou*
- *Pandan W Ap Reflechi sou Gadri pou Pitit ou ki gen 3 a 5 Lane*
- *Pandan W Ap Reflechi sou Gadri pou Pitit ou ki nan Laj pou Frekante Lekòl*

Reflechi sou Bezwen Fanmi an

Pri sèvis gadri a, orè pwogram nan ak transpò se bagay ki enpòtan pou w konsidere lè w ap chwazi yon gadri. Asire w règleman ak règ gadri a disponib alekri. Kontakte depatman sèvis sosyal Konte ou a pou wè si ou kalifye pou yon sibvansyon pou ede peye pou gadri.

Aprann plis bagay sou opsyon swen pou timoun nan kominote ou lè ou rele resous gadri lokal la ak ajans referans (child care resource and referral agency, CCR&R). CCR&R lokal la nan lis nan "paj jòn" anba gadri. Pou jwenn plis enfòmasyon osijè istwa lisans nenpòt pwogram reglemante, al gade nan **ocfs.ny.gov** oswa kontakte biwo lokal rejyonal la nan **(800) 732-5207**.

Kesyon pou w poze epi sa pou w chèche konnen...

- Konbyen frè pou gadri a ye? Èske manje ak ti goute fè pati frè a? Èske yo fè peye menm lè timoun yo pa la? Kilè pou peye epi èske gen okenn frè lè ou pye an reta? Èske yo aksepte peman sibvansyon? Èske ou kalifye pou reklame kredi taks nan Eta New York ak Depandan an?

- Èske pwogram gadri a tou pre kay ou oswa biwo ou? Kijan ou pral mennen pitit ou yo nan pwogram gadri a? Kilè yo louvri?

- Èske pwogram nan gen lisans oswa anrejistre nan Eta a kounye a? Sinon, èske pwogram nan te gen lisans oswa anrejistre avan? Kisa istwa lisans yo ye? Èske ou te pale ak lòt paran ki sèvi ak pwogram nan?

Reflechi sou Moun k ap bay Swen an

Yon bon relasyon ant timoun, fanmi ak moun kap bay swen oswa pwofesè a enpòtan pou tout moun. Moun k ap bay swen an oswa pwofesè a ta dwe gen eksperyans nan swen, edikasyon ak / oswa fòmasyon timoun. Moun k ap bay swen an oswa pwofesè a ta dwe renmen pale ak jwe ak timoun yo ak kominike byen ak paran yo.

Kesyon pou w poze epi sa pou w chèche konnen...

- Èske moun k ap bay swen an oswa pwofesè a gen eksperyans nan swen timoun yo? Èske moun k ap bay swen an oswa pwofesè a sanble li vrèman renmen timoun, e èske timoun yo kontan? Èske bezwen timoun yo satisfè vit, menm lè pwogram gadri an gen anpil aktivite deja?

- Èske yo akeyi timoun yo ak paran yo lè yo rive. Èske paran yo resevwa yon orè aktivite yo?

- Èske yo te verifye kazye jidisyè ak Rejis Santral Eta a pou Abi ak Move Tretman sou Timoun ak Lis Eksklizyon Manm Pèsonèl nan Sant Jistis la pou moun k ap bay swen, pwofesè, ak tout moun ki gen plis pase 18 tan k ap viv nan kay yon gadri pou fanmi oswa nan yon gadri angwoup pou fanmi?

Reflechi Sou Sekirite

Timoun yo ka pran ti chòk tankou grafouyen, blese oswa fwape. Ki etap pwogram ou an pran pou anpeche aksidan rive epi ki plan ki anplas sizoka ta gen yon ijans?

Kesyon pou w poze epi sa pou w chèche konnen...

- Konbyen timoun ki enskri nan pwogram nan? Èske timoun yo anba sipèvizyon yon granmoun toutan, menm lè yo ap dòmi?

- Èske gen pwoteksyon pou timoun yo epi èske yo mete materyèl ki danjere yo lwen timoun yo? Èske yo te tcheke pwogram gadri a si pa gen sibstans ki danjrèz tankou penti k ap dekale, radon ak amyant. Èske gen kloti oswa yon lòt baryè solid alantou pisin, etan ak lòt dlo?

- Èske gen yon telefòn ki mache. Èske gen yon plan pou ijans medikal oswa dife? Èske nimewo telefòn ijans medikal, lapolis, ponpye ak kontwòl pwazon afiche sou yon miray?

- Èske yo pratike plan evakyasyon ijans lan avèk timoun yo omwen yon fwa pa mwa? Èske gen omwen de (2) sòti apa nan batiman an sizoka gen dife? Èske gen detektè lafimen ak aparèy pou etenn dife oswa yon sistèm deteksyon dife? Èske pwogram nan prepare pou si ta gen yon evènman pou pran abri an plas? Èske pwogram nan pratike egzèsis pou Abri souplas? Èske gen ase rezèv pou jwenn yon Abri souplas, si ta gen yon ijans?

Reflechi sou Sante

Pou kenbe timoun yo an sante, pwogram gadri yo dwe ankouraje bon abitid sante ak pran mezi pou anpeche mikwòb yo gaye. Asire w pwogram nan gen yon plan swen lasante ki apwouve epi mande pou w wè yon kopi. Pwogram gadri yo dwe respekte règ espesifik pou bay timoun yo medikaman vant lib ak medikaman sou preskripsyon.

Kesyon pou w poze epi sa pou w chèche konnen...

- Èske gadri a pwòp? Èske lave jwèt yo, mèb yo ak atè a souvan avèk yon solisyon klowòks? Èske pèsonèl la lave men yo anvan yo manyen manje, anvan yo bay medikaman, apre yo fin ale nan twalèt la ak / oswa yo chanje kouchèt? Èske yo ankouraje timoun yo pou lave men yo pandan tout jounen an?

- Kijan plan swen sante a okipe timoun ki malad epi ki bezwen bay medikaman pou timoun ki malad? Èske pwogram nan ka jere ti blesi? Èske gen yon moun k ap bay swen souplas ki sètifye pou bay CPR oswa premye swen?

- Èske pwogram nan bay manje ki bon pou sante ak / oswa ti goute? Èske meni an gen ladan fwi fre, legim, vyann, grenn ak pwodwi letye? Èske yo bay paran yo meni pou repa ak ti goute davans?

Reflechi Sou Jounen pa yo

Yon gadri ki ofri divès kalite aktivite ak eksperyans ki pral ede timoun yo devlope konpetans pou yo pare pou lekòl. Chèche yon balans nan jwe aktif, trankil, andedan ak deyò lokal la baze sou kapasite ak enterè timoun yo.

Kesyon pou w poze epi sa pou w chèche konnen...

Reflechi sou Tan Aktif ak Tan ki Trankil

- Èske timoun yo pase tan deyò chak jou? Èske espas pou jwe anndan an gran ase pou timoun yo jwe? Èske gen espas mou pou timoun ki bezwen espas ak tan trankil? Èske espas pou timoun yo dòmi an gran ase? Èske gen espas trankil pou fè devwa?

Reflechi sou Aprantisaj, Refleksyon, Imajinasyon

- Èske gen divès liv, jwèt ak materyèl ki san danje epi ki pwòp pou timoun yo? Èske gen ase nan sa yo ki disponib pou tout timoun yo? Èske yo pou diferan kilti?

Reflechi sou Pale

- Èske pèsonèl la rakonte istwa, chante chanson ak nonmen objè ak timoun yo chak jou? Èske gen divès liv, jwèt, Jwèt kastèt ak magazin pou ede timoun yo itilize mo ki nouvo? Èske yo itilize televizyon ak videyo sèlman pou yon peryòd tan ki kout epi sèlman pou edikasyon yo?

Reflechi Sou Disiplin

Pwogram gadri yo dwe fikse limit pou timoun yo. Limit sa yo depann de laj ak kapasite yon timoun. Yo dwe fè timoun yo sonje limit yo san frape yo ni fè yo pè, san blese santiman yo ni anile yon bagay ki enpòtan tankou manje oswa repo. Li entèdi kategorikman pou yo bat timoun yo.

Kesyon pou w poze epi sa pou w chèche konnen...

- Èske gen yon règleman alekri sou jesyon konpòtman yo bay chak paran? Èske paran yo mande pou yo pale epi pou yo apwouve disiplin ki apwopriye? Èske pwogram nan mete limit rezonab pou timoun yo?

- Èske yo ankouraje timoun yo pou antann yo ak lòt moun epi yo raple yo jantiman lè yo pa fè sa? Èske yo ankouraje timoun yo pou pale sou santiman yo? Èske yo ankouraje timoun yo pou yo itilize pwòp mo pa yo pou pale jan yo pito? Èske gen anpil espas ak anpil bagay enteresan pou yo jwe?

- Èske yo okipe tibebe yo ak yon vwa ki dous epi yo manyen yo dousman yo? Èske timoun ki pi piti yo gen ase jwèt pou yo pa bezwen pataje? Èske yo ankouraje kowoperasyon pami timoun ki pi gran yo?

Obsèvasyon

Obsèvasyon

Office of Children and Family Services

Koneksyon Paran New York nan
(800) 345-KIDS.

Resous Gadri a ak Ajans lan k ap bay Referans ki nan zòn ou an sou lis nan **paj jòn** anba "child care" (gadri).

Rele nimewo pou pote Plent pou Gadri a nan
1-800-732-5207 si ou gen enkyetid sou yon founisè gadri.

Pou pote plen pou abi sou timoun ak neglijans, rele
1-800-342-3720.

Jwenn plis enfòmasyon sou responsablite yo ak sèvis ki disponib pou ou antanke yon anplwayè yon moun k ap okipe timoun lakay li nan **Pub. 4628, *Kieran's Law* la** ki se yon tiliv ki disponib nan
ocfs.ny.gov oswa **(800) 345-KIDS**.

Piblikasyon sa a disponib nan lang panyòl
Pub #1115A (Rev. 2/2018)

Dapre Lwa anfavè Ameriken ki Andikape (*Americans with Disabilities Act*), Biwo Eta New York pou Sèvis Timoun ak Fanmi (New York State Office of Children and Family Services) ap mete dokiman sa a disponib sou demann nan yon fòma ki apwopriye.

Èske ou enskri non ou pou vote? Enskri non ou pou vote sou entènèt jodiya:
http://www.ny.gov/services/register-vote

NEW YORK STATE

Office of Children and Family Services

Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, New York 12144